Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2017 соналъул 27 январь РУЗМАН

№4 (7439)

Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда

Багьа 4 гъур.

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Нилъер тарих**

## Дагъистан АССРалъ - 96 сон

Дагъистаналъул автономияб республика гIуцIаралдаса 96 сон тIубай кIодо гьабуна араб рузман къоялъ Агъвали райадминистрациялъул данделъабазул залалда.

Къокъабго цеберагIудалъун данделъи рагьарав районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас бицана Дагъистаналъул автономияб республика гIуцIиялъул хIакъалъулъ.




-1921 соналъул 20 январалда бахъараб ВЦИКалъул декреталъ къучI лъуна РСФСРалда Дагъистаналъул Автономияб Советияб Социалистияб Республика гIуцIиялъе. Гьелдаса байбихьана нилъер республикаялъ РСФСРалъул гIуцIиялда гIатIидго бакI кквезе. Дагъистаналъе автономия кьедал, рес щвана 1921 соналъул декабралда Темир-Хан-Шураб ахIараб тIолгодагъистаналъул советазул учредительнияб съездалда республикаялъул Конституция къабул гьабизе. Гьелдаса нахъе ана 96 сон. Гьеб заманалда республикаялъул жамг1иябгун политикияб, социалиябгун экономикияб ва культурияб рахъалда ккана гIемер хисабасиял, амма хиси гьечIеблъун хутIана Дагъистаналъул Россиялъулгун бугеб гьудуллъи. Гьеб бихьизабуна дагъистанияз КIудияб ВатIанияб рагъдаги 1999 соналъул августалъул къояз Дагъистаналда ккарал лъугьа-бахъиназдаги, -ян абуна районалъул бетIерас.

Гьединго районалъул бетIерас бицана гьебго къоялъ тIобитIараб «АхIулгохI» мемориалияб комплекс рагьиялъул тадбиралъул, Кавказалъул рагъулал лъугьа-бахъиназул ва АхIулгохIалъул бахIарчияб тарихалъул хIакъалъулъ.

Дагъистаналъе автономия лъазабиялъул ва хадубккун Дагъистан республика гIуцIиялъе ВЦИКалъ бахъараб декреталъул хIакъалъулъ кIалъаял гьаруна районалъул бетIерасул кумекчи АхIмад АхIмадулаевас, лъайкьеялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул райкомалъул председатель АхIмаднаби Абакаровас ва районалъул ветераназул Советалъул председатель МухIамад Шамсудиновас.

## «АхIулгохI» мемориалияб комплекс



Гебек Гебековасул фотосурат

## «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъ 80 сон тIубаялде

2017 соналъул 1 декабралда 80 сон тIубала районалъул газета къватIибе биччазе байбихьаралдаса. 1937 соналъул 1 декабралда газеталъул тIоцебесеб номер къватIибе ана «Ленинил Байрахъ» абураб цIаралда. Хадуб, улкаялда араб гIасруялъул 30 соназул ахиралда росдал магIишаталъул коллективизациялъул лъикIал хIасилал ккун колхозазул къимат цебетIезе байбихьараб мехалъ, 1939 соналъул 1 январалдаса нахъе газета къватIибе ине байбихьана «Колхозчи» абураб цIаралда гъоркь. Араб гIасруялъул ункъоялда анцIабилел соназул байбихьуда росдал магIишатазда пачалихъиялгун кооперативиял предприятиябазул (совхозазулгун-колхозазул) структураби цIидасан гIуцIизе байбихьараб заманалъ, 1992 соналъ газета къватIибе ине байбихьана «ЦIумадисезул гьаракь» абураб цIаралда.

Гьелгуниял соназ районалъул газета букIана район социалиябгун-экономикияб рахъалъ цебетIезабиялъул цебесеб кьерда, халкъалъулгун районалъул идарабазул бухьен щула гьабулеб алатлъун, районалда ва гьеб тун къватIибехун ккараб лъугьа-бахъин росабалъе щвезабулеб чапарлъун, захIматчагIазул ургъелгун къварилъаби ва хIажалъаби районалъул идарабазде щвезабулеб гьоркьохъанлъун.

Газеталъул байрамалде нижеца кьезе руго районалъул гIумру бихьизабулел батIи-батIиял заманазда къватIире арал газеталъул тарихалъул бицунел цо-цо макъалаби.

Бокьилаан газеталъул тарихалда хурхун цIалдолезги макъалаби хъвазе.

**ХIисаб кьей**

## Росдал жамагIат разияв

**ТIиссадерил жамагIаталъ лъикIаблъун рикIкIана росдал бегавуласул хIалтIи.**



Гьал къояз ТIисси тIобитIараб жамагIаталъул данделъиялда гIенеккана росдал администрациялъул бетIер ЯхIия Мамадибировас араб соналъ гьабураб хIалтIул хIисаб кьей.

Гьенир гIахьаллъана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамадрасул Гагиевасул, райадминистрациялъул отделазул нухмалъулел МухIамад ГIисаев, МухIамад Коратов, лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев Муса Гьарунов, халкъ социалияб рахъалъ цIуниялъул управлениялъул нухмалъулев Иманшапи МухIамадов, райгазеталъул редактор ГIубайдула Малачдибиров, росдал магIишаталъул отделалъул хIалтIухъан Байсар Амиров.

Данделъи рагьарав росдал бегавулас кIалъазе рагIи кьурав МухIамадрасул Гагиевас лъикIаб къимат кьуна жамагIаталъе, гьелъие нухмалъи гьабулел росдал администрациялъул бетIерасе ва мажгиталъул имамасе.

-Районалъул росабазул бегавулзабазул лъикIазул цояв ккола нужер бетIер. Гьелъие нугIлъи гьабула нужер росулъа гIолохъаби улка бахун къватIирехун рагъулезул кьерда гьечIолъи, росдал социалияб рахъ лъикIлъулеб букIин. Ахирал соназ улкаялда экономикияб рахъалъ кколел лъикIал гурел ишалги хIисабалде росун, районалъул администрациялъги жиндирго хIалтIи цебехун бачунеб буго цочIараб хIалалда, бихьизабураб бюджеталда рекъон, магIишатияб къагIидаялда, пачалихъалъул гIарцуде тIаде нилъерго хIалтIулаб къуватги жубан.

Росабазул жамагIаталгун тIоритIулел данделъабазул мурад ккола жамагIаталъухъ гIенекки, росдал ахIвал-хIал бакIалде щун лъазаби ва ругел гIузраби хIисабалде росун, гьелда сверухъ хIалтIи гьаби,-ян абуна гьес.

-Гьадинал дандчIваял, дир пикруялда, чара гьечIеллъун рихьула дида,-ян абуна хIисабкьеялъул кIалъайгун цеве вахъарав ЯхIия Мамадибировас.

Ахирал соназул мукъсанаб бюджеталъухъ балагьичIого, росдал гIолохъабигун цадахъ лъугьун, ЯхIиял нухмалъиялда гъоркь росулъ гьекъолеб лъел суал роцIинабун буго, къачIан буго росулъе унеб шагьранух, рацIцIалъи букIинаби мурадалда тIоритIулел руго гваял. Росулъ билълъанхъизабун буго годекIаниб (мажгиталда ва школалда аскIоб) росдал гIолохъабаз хъалиян бухIунгутIи.

РахIат хун бицана ЯхIия Мамадибировас росулъ школа гьечIолъиялъул, гьелда бан лъималазе щвалде щвараб лъай кьеялъе гьечIел шартIазул.

Щиб хIал бугеб, фермер?

# МухIамадрасул НурмухIамадов: «ХIалтIизе бокьарас рес батула, бокьичIес багьана цIехола»

Ахираб заманалда районалъул нухмалъиялъ росдал магIишаталде кьолеб кIваралъул гIемер хъвана газеталда. Хъвана Шаваялда тIобитIараб росдал магIишаталъул форумалъул, ихдалил ва хаслихъе рекьиялъе СПКялъул нухмалъулез гьарулел хIалтIабазул, гьениб рагьараб лъималазул ахалъул, росдал магIишаталъул отделалъул нухмалъулез гьарулел цогидалги хIалтIабазул, халкъалъул тIалъиялдехун цIилъулеб божилъиялъул...



...ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас, бекьичIого лъилъе, нилъ гьечIого, хур. ЗахIматалъ куцала инсан. Жакъаялдаса кIикъоялда анцIго соналъ цебе рагIана гьел кицаби РикIкIваниса МухIамадрасул НурмухIамадовасда. ГьитIинго эбелги хун хутIарав гьев кIудияв вацасда цадахъ вехьлъуде унаго, гIемер абулаан гьесда инсуца гьел рагIаби.

Гьелдаса нахъего бессанин жиндилъ гIи-боцIуде рокьиян абула жакъа гьес- республикаялдаго цIар рагIараб «Ражаб» фермеразулаб магIишаталъул нухмалъулес. Дагъистаналдаго цIар рагIараб ва цебетIураб магIишатилан гIадада гуро дица абураб. Гьелде гьев вахана захIматалъ лъадарун ва куцан. Шаваялда букIараб районалъул магIишатазда гьоркьосеб предприятиялъе (МХП) гIемерал соназ нухмалъи гьабуна гьес советиял соназ ва гьебги республикаялъул церетIурал магIишатазул кьерда букIана. Жакъа колхоз-совхоз ва фермаби лъалел чагIи гIисинаб гIел гьечIо, чIахIияб гIелалда гьеб лъикI лъала. Шава хъутабазда рекьичIел хурзалги рукIинчIо дол соназ, анцI-анцIазар бетIер гIи-боцIулги букIана. Улка биххун хадуб, киса-кибего гIадин, бичча-бихъан, реххун тана хъутан-утаралги, бикъа-хъамун лъугIизабуна гIаммаб магIишаталъул буголъиги. Кидаялиго люцерна, бахчадулал нигIматал хьан, гIурччинлъун рукIарал хурзалги зазхъарахъалъ цIурал «рохьазде» сверана. ГIадамалги бича-хисиялде журана, росдал магIишаталдеги мугъ рехана.

Амма камичIо ракьалъ инсан ва цо гIакдацаги кIудияб хъизан хьихьулеблъи кIоченчIелги гIадамал. Гьединаздаса цояв вуго МухIамадрасулги. Цогидаз колхозазул магIишатал хъамун, гьородахъ биччараб мехалъ, гьес хIаракат бахъана бугебниги техника гIадамазе пайдаялъе цIунизе.

Гьес бетIерлъи гьабулеб «Ражаб» магIишаталде щварай дида бихьана коммунизм батIаго босун цо пачалихъалда гIуцIизе бажарулеб иш букIин. ГIачи-бачазул тIалабалда араб гIумрудул стаж кIикъоялдаса анцIго соналдасанги цIикIкIараб бугин велъана гьев, кин жинда бажарараб гьадинаб цебетIураб магIишат гIуцIизеян гьикъидал. Кидаялиго бече-гIакдасасан байбихьараб магIишаталда жакъа буго кIинусгоялдасан цIикIкIун чIегIербоцIул бетIер.

Республикаялъул даражалда гьеб гьитIинабго магIишат бугониги, кьолеб хIасил кIудияб магIишаталдаса къараб гьечIо гьелъул. К1икъоялда анц1гоялдасаги цIикIкIун бечIчIулеб гIака хьихьун буго батIаго, буго гьезие чIезабураб «риидалил» ва «хасалил» мучI. Гьенир руго гьитIиналго ругониги, санитариял тIалабалги цIунарал ва рахь бечIчIулел аппараталги ругел фермаби.

МухIамадрасулица хIалтIухъабазе чIезарун руго лъикIал шартIал. Гьесул рагIабазда рекъон, гIачияз рахь кьей хIалтIухъабазул рекIел х1алалда барабги букIунеб буго цо къадаралъ.

БечIчIараб рахьдал литралъухъ гьесул магIишаталъе пачалихъалдаса щолеб буго анкьго гъурущ гIарцул.

Цо-цоязул гIадин, жиндирго продукция кьезе бакIалъул суал гьесда цебе чIолеб гьечIо. КъотIи-къаялда рекъон, гьеб босулеб буго рахьдал нигIматал гьарулеб ва къачIалеб заводалъ. ЛъагIалида жаниб «Ражаб» КФХялъ кьолеб буго 60-70- тонна рахьдал, 15-20 тонна гьанал. Республикаялъул росдал магIишаталъул министерствоялъ тIоритIулел киналгIаги конкурсаздагун ярмаркабазда жигараб гIахьаллъи гьабула гьеб магIишаталъ, ва тIалъиялъул рахъалъан лъикIаб къиматалъеги мустахIикълъула.

РакIунтараб бербалагьи хважаинасул букIинчIебани, иш гьедин букIинароан. ХIалхьи гьечIеб ракIалъул инсан МухIамадрасул НурмухIамадовасул хIалбихьи ва магIишат буго гIолохъанал фермеразе мисал.

Росдал маг1ишаталдехун гьесул бугеб рекIел цIайи, гьелъул жакъасеб къоялъе гьес кьолеб къимат якъинго рагьула дир суалазе МухIамадрасулица кьурал жавабаз.

**-МухIамадрасул, дур магIишаталда бихьаралъ, дида ракIалде ккана коммунизм гIуцIун бугин дур гьитIинаб «пачалихъалда». Гьелъ бихьизабулеб буго советияб заманалъул букIараб цIар-рецц росдал магIишаталъе буссинабизе ресал ва шартIал жакъаги рук1ин, дагьабниги хIалтIизе гьира бугев чиясе.**

-БитIун абуна дуца: «ХIалтIизе гьира бугев чиясе». ХIалтIудаса хIинкъуларесе ресал кигIанги руго гIи-боцIухъанлъиялда, хурухъанлъи-ахихъанлъиялда ва цогидалги магIишатиял бутIабазда жалго рихьизаризе.

Дир фермаялда бугеб боцIухъабазул рукъалъул нуцIида чIван руго «хIалт1изе бокьарас рес батула, бокьич1ес багьана батула» абурал рагIаби. Жакъа дир рес буго пачалихъалъ росдал магIишаталде кьолеб кIвар цIикIкIун бугин абизе. ЦIер кьватIанин абизе бегьула гьеб рахъалъ. Кинаб рахъ босаниги, кьолел руго хIукуматалъ росдал магIишаталда хIалтIизе, гьеб цебетIезабизе субсидия хIисабалда, гIарцулал сурсатал. БичIчIулеб жо-гIарцудаса гIорцIарав чи вахъинчIеблъи, гьединлъидал жидер чIахIиял магIишатазе сурсатал дагьал риччалел ругин абулелги камуларо. Амма дица рикIкIунаро хIукуматалъул бадиреги ралагьун, кIалдибе борта багIаргIечилан чIей битIараблъун. Чанги гIадамал руго анцI-анцI гектаразда ахалги гIезарун, ракIунтараб хъулухъ гьезиеги гьабун, гьелъухъ пачалихъалдаса гIарац щвезе кколеблъигицин лъаларел. ХIукуматалъе гуреб, нилъеего бугелъул нилъеца магIишат гьабулеб. БичIчIула гIи-боцIухъанлъи бигьаяб иш гуреблъи. Ахихъаби-хурухъабазул бачIин гIадин, ихдада хьан, хаслихъе бакIарун букIунаро гIи-боцIи. Гьеб бокьизе, хьихьизе ккола, хъулухъ гьабулаго, гIетI гIемераб тIезе ккола. Дун вохараб иш ккола, хъутабазда ругел гIадамаз росдал магIишаталде мугъ кидаго рехичIолъи. МагIарухъ росабалъцин гIачи-бачал кквечIого, хурзал рекьичIого, гIадамал ругеб мехалъ, гьаниб лъарагIлъиялда гьелде кьолеб кIвар дагьаб лъикI букIана. Ахирал соназда гIадамал бетIергьанаб боцIи цIикIкIана. Щугоги анцIгоги бечIчIулеб гIака гьечIеб цIараки къанагIатги батиларо гьаниб. Жидерго нигIмат базаралда яги рахьдал нигIматал къачIалел заводазе бичунги, хайир кьоледухъ хIалтIула г1адамал.

Ахираб 15-20 соналъ ракьалде кьолеб кIвар дагьаб чучлъаниги, гьаб заманалда цIикIкIана ракьазул тIалаб гьабулелги. Ракьалъ хьихьулин инсан абураб кицидул гъваридаб магIна бичIчIун, цIидасан тIаделъана халкъ пурцил гIоркь ккВезе. ХIалбихьиялъе цо-кIиго гектар ижараялъе босун, хIалтIизабун, ракьалъулгун «гьудуллъи» ккуразул къадарги хъутабазда цIикIкIунеб буго. Диргоги буго кIикъоялда анцIго соналъе ижараялъе къотIикъай хъвараб, цояб бекьулеб, цояб мучIдузе тараб лъабкъого гектар ракьул. Гьединлъидал, боцIуе хIадурулеб хер дирго буго, гьеб рахъалъ кколел харжалги, цогидазулалде дандеккун, гIемерго дагьал рукIуна.







Нилъецаго бижизабураб, химикатал гъорлъ гьечIеб кванил нигIматазул продукция, тIоцебесеб иргаялда, нилъерго чорхое дару ккола. Рукъалда аскIоб бугеб пастIанцин бекьуларелги рукIана гIадамалги заманаги. Цо рахъалъ гIайибги чIваларо, ракь цIамхIалаб букIиналъ, хьарабгIанасебгицин бачIин щунгутIиялъ гIадамазулги ракI буссунеб букIун батила.

Дагъистаналъ тIолго Россия рахьдалгун гьанал нигIматаздалъун хьезаризе кIвечIониги, нилъер улкаялда кIола тIолго дунял рахьдал нигIматаздалъун хьезабизе. Гьел кколаро харбие абурал рагIаби. Дица гIемераб анализ гьабула улкаялъул гьеб рахъалъ ругел ресазулги шартIазулги.

**-МагIишатазул нухмалъулезул гIарзал рукIуна, специалистал кигIан рукIаниги, хIалтIулаб къуват гIолеб ва гIолохъабазе хIалтIизе бокьулеб гьечIин …**

-Дагъистан ккола росдал магIишаталъ хьихьараб республика. Улка бахун къватIибехунги унаан нилъер продукция советияб заманаялъ. Жакъаги рес буго гьедин гьабизе. Специалистал гIолел гьечIинги кин абилеб, росдал магIишаталъул институтги техникумалги нилъерго рукIадго, практикаялъе студентал Германиялдецин ритIулелги ругин. Амма щаялиго бокьулеб гьечIо гIолохъанаб гIелалъе ракул махI чIвазеги, тракторалда нахъе гIодор чIезеги, ракь хIалтIизабизеги. ГIетI цIиричIеб магIишат буго бокьун киназего, Инхоса ГIалихIажияс абухъего, гьединаб магIишат чурхъизе хIадурал чудкул нахъа рукIунеблъиги кIочон тун.

Масала, дир, росдал магIишаталда хурхараб кинабгIаги лъай гьечIониги, рекIел цIайиялъ гьенив «къан хутIарав» чиясул рес буго чаналиго чиясе хIалтIи кьезе, чIезабун мухьгун. Амма, пайда щибха…Досул диплом бугелъул, бегьулищха дов «хъублъизе» векьарухъанасул хIалтIуца. Жакъа, тIоцебесеб иргаялда, тIадруссинаризе ккола росулъе хIалтIизе вачIарав специалистасе чIезарулел рукIарал шартIал, яги улкаялъул регионазда гIадин, кьезе ккола гьесие «хIатIида вахъун чIеялъул» гIарац. Гьеб чIухIи-реццалъе гьабулеб иш гуро, гьеб буго чара гьечIеб хIажалъи. Гьеб мехалъниги цебетIелин росдал магIишат абун хьул буго. ШартIал ругони, хIалтIизе гъира бала, магIишат кIодолъула. Цо чияс гьабулеб жо букIунарелъул магIишат. Коллектив ккола кинабгIаги хIалтIулъ аслияб «хIуби, магI»…

…Жакъа «Ражаб» КФХялъул магIишат буго МухIамадрасул НурмухIамадовасул ва хъизан ГIайшатил гIетI тIураб хIалтIул хIасил. Жалго гIадинал, захIмат бокьулеллъун гIезаруна гьез жидерго лъималги. Щивасул буго чIегIербоцIигун гIи-цIцIани. Киналъего кьучI лъурав МухIамадрасул ургъулев вуго Бабаюрталда рахьдал нигIматал къачIалеб гьитIинабго цех рагьиялда тIад. Гьелъги квербакъила дагьалго ругониги, гIадамазе хIалтIулал бакIал рукIинаризе. Гьес жиндирго лъималазе гIумрудулаб ахIилъун тарал жакъа кIвахIаллъичIони, метер ракI бухIиларо, сезе къимат тIокIаллъун рукIина абурал рагIаби кIвар бугеллъун рукIина жакъасеб ва гIун бачIунеб гIелалъе мисаллъун рукIине. ХIалтIуларес хIанчIулареблъи бичIчIизе ккола щивасда.

Жакъа гьев хIадурав вуго рахьдал беэнлъи цIикIкIине ккани, кинаб рацион гIачиязул «кванил» букIине кколелдаса байбихьун, аскIоре рачIарал гIолохъанал фермеразе бокьараб суалалъе жаваб кьезе ва бегьараб кумек гьабизе. КФХялъул нухмалъулев вугин рекIелъ чIухIигун гуреб, ракьалдеги росдал магIишаталдеги рокьи ккарав гIадатияв инсан хIисабалда.

**Хадижат Залимханова**

ХIисаб кьей

1

# Росдал жамагIат разияв



Гьединго борхана тIиндадерилгун ракьул гIорхьаби ратIа гьарунгутIиялда бан, росдал гIолохъабазе минаби раялъе ва магIишатал гIуцIизе ракьал кьезе дандеккунгутIиялъулги суал.

ЖамагIатчи ГIумар Жамалудиновас, школалъул мугIалим Шамил МухIамадовас, Динга Г1абдулаевас ва цогидазги рорхана коммуналиял хъулухъазухъ гIарцал щунгутIиялъул, минабазе ва ракьазе жал бетIергьанлъиялъул документал гьарулаго дандчIвалел квекIеназул ва КФХял гIуцIиялъул, гьеб рахьалъ пачалихъалдаса щолеб кумекалъул хIакъалъулъ суалал.

ДанделъиялдакIалъаял гьаруна Байсар Амировас, Иманшапи МухIамадовас, Муса Гьаруновас, МухIамад ГIисаевас, ГIубайдула Малачдибировас ва МухIамад Коратовас.

Данделъиялъул ахиралда МухIамадрасул Гагиевас жамагIат ахIана росдал администрациялъул бетIергун цадахъ гьункун хIалтIизе.

-ТIадвуссун абуниги, цIакъ бегIерго чIараб суал буго жакъа экстремизмалъулгун терроризмалъул. Нужер росулъ гьеб рахьалъ иш лъикI гIуцIун буго. Гьеб ккола росдал администрациялъул ва мажгиталъул цадахъаб хIалтIул хIасил, хадубккунги гьелде цIикIкIараб кIвар буссинабизе ккела.

Росдал жамагIаталъ ЯхIия Мамадибировас араб соналъ гьабураб хIалтIи рикIкIана гIураб къадаралда гьабураблълун.

**Х. Залимханова**

Инсан жиндирго бакIалда

# 50 соналъ мугIалимлъун



31 абилеб январалъ 75 сон тIубала ТIинди росдал школалъул хIисабалъул мугIалим МухIамад МухIамадович АхIмадов гьавуралдаса.

МухIамадида эмен лъалароан. Гьев гьавураб соналъ ана гьев К1удияб ВатIанияб рагъде ва гьенив бахIарчилъиялда хвана.

Эбелалъул цIобалде ккарав МухIамадие щвана лъикIаб тарбия-лъай. ГIагараб росдал школаги лъикIал къиматазда лъугIизабун, гьев хIалтIана районалъул культуриял учреждениязда. Школалдаса нахъего гьесул рокьи букIана мугIалимасул махщалиде. РекIее бокьараб махщел тIаса бищизе 1967 соналъ цIализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул хIисабалъул факультеталде.

1972 соналъ университетги лъугIизабун, миллат батIияй хъизан ПатIиматгун (эмен - чачанав, эбел - лъарагIай), МухIамад тIадвуссана гIагараб росулъе ва хIалтIизе лъугьана гIагараб школалда хIисабалъул мугIалимлъун. Гьелдаса нахъе 44 соналъ хиси гьечIого хIалтIулев вуго МухIамад Т1инди росдал школалда. Гьесул хIалтIул гIаммаб стаж бахула кIикьоялда анцIила щуго сониде, гьезда гьоркьоса кIикьоялда анцIго сон буго мугIалимасул хIалтIуда. Гьев мустахIикълъана «Дагъистан Республикаялъул лъай кьеялъул отличник» абураб хIурматияб цIаралъе.

Хъизан ПатIимат, росулъе ячIаралдаса нахъе, хIалтIулей йиго росдал больницаялда медсестралълун. Гьелъ хехго лъазабуна тIиндадерил мацI, росдал гIадатал, гьей яхъана унгоунгояй тIиндисейлълун.

Гьез лъикIаб тарбия - лъай кьун гIезабуна анлъго лъимер:ункъо васгун кIиго яс. Киназего кьуна хасаб гьоркьохъеб ва тIадегIанаб лъайги, руссинаруна рукъалдеги. КIияйго ясалъ ц1алун лъуг1изабуна медучилище ва хIалтIулел руго эбелгун цадахъ росдал участкаялъулаб больницаялда. Ункъавго вас цIалана МахIачхъалаялъул ва Москваялъул ВУЗазда, лъикIаб гьоркьоблъи буго гьезул спорталъулгун-кIигояв вахъана эркенаб гугариялъул рахьалъ Россиялъул спорталъул мастераллъун.

Лъабкьоялда анцIила щуго сон бугин абуледухъ гьечIо МухIамад МухIамадович, гьев жеги къамартIго ва гIолохъанго вуго. Бокьун буго ТIинди росдал гьоркьохъеб школалъул коллективалъул рахьалдасан баркизе МухIамадида кIиябго юбилей, гьаризе гьесие хъизанлъималаздаса вохун хутIи, ракълилаб зоб, щулияб сахлъи, сахаб, рохел гьарзаяб, гьайбатаб, гIемер соназул талихIаб гIумру.

**МухIамад МуртазагIалиев,** ТIинди школалъул завуч

РахIатхвей-цIалдолезул кагътазулъ

# Нижеде кида ирга щвелеб?

Ахираб заманалда, Рамазан ГIабдулатIипов бетIерлъиялде вачIаралдаса, Дагъистаналда лъикIлъулеб буго гIадамазул гIумру-яшав, ралел руго цIиял школал, рагьулел руго ясли-ахал ва къачIалел руго нухалгун кьоял. Амма ниж ункъракьалъулал: Силди, Гьакъо, Метрада, Гьоркь- ва ТIадхъварщини, Цихалахъ, гьединго ЦIунтIа районалъул Сагьада ва Лъацуда росабазул гIадамал хIукуматалъул бербалагьиялдасан махIрум гьарун, ирга щвечIого хутIун руго.

Кинабха бугеб жакъа гьел росабалъ ахIвал-хIал?Расги лъикIаб гьечIо. 1980-1983 соназда мугIрузде вертолеталъ хIубалги рехун, кумекалъе росабазул жамагIаталги рахъун, автотранспорт хьвадулел шагьранухал гьечIолъиялъ, цIикIкIарасеб хIалтIи газа-белалъги гьабун, бачун букIана токалъул канлъи. Гьел соназ лъикIаб хIал букIана, гIураб канлъиги букIана, квал-квал гьечIого трансформаторалги хIалтIулел рукIана. Амма гIемералъ халатбахъичIо нижер рохел: жагъаллъана токалъул мухъ, гIадлу биххана трансформаторазул, дагьабниги гьава-бакъ хисани, лъабго-ункъо къоялъги къотIула канлъи. Гьелъие ахир лъезе мех щвечIищан гьикъани, абула хIубал регун ругилан, Хъвайни рохьобе нухги гьечIилан, амма токалъул хIалтIухъабаз сонайил отчетазда хъвалеб батилаха токалъул мухъ хасалоялде хIадураб бугилан.

ХIубал лъуралдаса лъебергоялдасанги цIикIкIун соналги индал, цIулал гьел туричIогоги рукIинищха! Гьелдаса нахъе хисичIел хIубал, турун, гьетIун, гIодор рортиялдаса кваразги ккун руго. Цо-цо бак1азда, х1убалги турун, гъутIбузда рухьаралги руго кварал. КигIан гIарзалъ хьваданиги, нижер мурад тIубалеб гьечIо районалъул гьеб иш тIаде кколеб идараялъ. ХIалтIи гьабизе хIисабалде босун бугин, амма токалъул мухъ хисизе сурсатал гьечIинги абун, гьез ниж сонайил тIаса ккезарула.

2008-2009 соназ Дагъэнергоялъ лъикIаб хIалтIи гьабун букIана нилъер ва ЦIунтIа районазда цIикIкIараб хIалуциналъул токалъул мухъ бачунаго, лъуна лъикIал рорхатал вышкаби, цIана кварал, биччан букIана гIураб канлъи. Амма гьеб рохелги халатбахъичIо. ЦIияб нух бахъулаго, тIу-тIун рана кварал, къотIана канлъи ва гьелъул тIалаб гьабулев чиги ккечIо. Токалъул гьоркьоса къотIи гьечIеб свинги чIалгIун, генераторалги лъун руго гIемерисел гIадамал.

Цебе машинадул нух букIинчIо. Гьанже щибха камун бугеб гьеб иш тIадал гIадамазе гIураб къадаралда канлъи букIунедухъ хIалтIи г1уц1изе ва рехун тараб халкъалдехун бербалагьи хисизабизе. Лъабго сон ана Инхокъвари магIарда вышка лъуралдасан, амма жакъаги мобилнияб бухьен гьечIо росабалъ...

Щибаб къойил Рамазан ГIабдулатIиповас кIвар кьолеб буго культура цебетIезабиялде, росаби цIуниялде, гIадамазе росулъ г1умру гьабизе шартIал гIуцIиялде ва халкъалъул рукIа-рахьин лъикIлъизабиялде. Кидалха нижеде ирга щвезе бугеб?! ГьечIо ясли-ахал, клубал, спортзалал, мобилнияб бухьен, Интернет ва гIемерисеб мехалъ хутIула канлъи гьечIого. Кинха гьединаб бакIалда гIолохъанаб гIелалъ гIумру гьабилеб? Гьел гочунел руго магIишат гьабизе бигьаял бакIазде-шагьаразде ва лъарагIлъиялде. ЧIунтун чIваднazde сверулел руго магIарухъ росабиги.

**ХIабиб Давудов,** Метрада росу

# СаидахIмад лауреатлъун вахъана



Араб соналъул ахиралда Москваялда тIоритIана гIагараб ракь лъазабулел гIолилазда гьоркьор ТIолгороссиялъулал цIалиял. Россиялъул 22 регионалдаса 120 цIалдохъанасда гьоркьов гьенив гIахьаллъана Агъвали школалъул 9 классалъул цIалдохъан СаидахIмад МухIамадовги. «Ракьцоял ва гьезул наслу» секциялда «Умумузул гIадатазегун васиятазе ритIухълъи» абураб номинациялда докладгун цеве вахъарав СаидахIмадица бицана Дагъистаналда умумузул гIадатазе гIолилазул бугеб ритIухълъиялъул: гьобол-гьудул хиралъиялъул, кIудиязул адаб цIуниялъул, эбел-инсул малъа-хъваялгун насихIатал гIадахъ росиялъул, гIагараб ВатIаналъе гIоло рухI кьезе хIадурал васал куцаялъул хIакъалъулъ.

Мисалалъе рехсана ТIадгьакавариса КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи ХIажи МуртазагIалиевас лъикIаб тарбия-лъай кьун гIезарурал лъимал-кIудияв вас генерал-майор МуртазагIали гIемерал соназ ФСБялда ва Дагъистан республикаялъул МЧСалъул министрлъун хIалтIи, цогидал васал инсул нухккун, гIагараб ВатIан цIунулел рагъулаллъун рахьин, ясалъул вас Гъуниб ФСБялъул отделениялъул нухмалъулев Ах1мад террористазул квердасан хвей.

БатIи-батIиял номинациязда СаидахIмадие щвана лъабго тIоцебесеб ва цо кIиабилеб бакI, гьединго гьев вахъана гIагараб ракь лъазабулезул ТIолгороссиялъулал цIалиязул лауреатлъун. Комиссиялъул членаз лъикIаб къимат кьуна гьесул цевевахъиналъе ва районалъул тIабигIаталъулгун халкъалъул рукIа-рахьиналъул бицараб видеофильмалъегун суратазул цебелъеялъе.

**Зулфия Сажидова**

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор МАЛАЧДИБИРОВ ГIУБАЙДУЛА САГIАДУЛАЕВИЧ

Жавабияй секретарь ХАДИЖАТ ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ: Редакторасул 2-52-44 Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакцияльул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакцияльул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТяльул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакцияльул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -1960 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гъулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электроннияб адрес: Golostsumady@mail.ru

**Военный комиссариат**

## Постановка граждан на воинский учет

С1 января по 31 марта 2017 года в районе объявляется первоначальная постановка граждан 2000 года рождения на воинский учет.

Явке для первоначальной постановки на воинский учет подлежат все граждане, родившиеся с 1 января по 31 декабря 2000г. включительно, постоянно или временно проживающие на территории Цумадинского района, а также граждане старших годов рождения, не прошедшие по различным причинам первоначальную постановку на воинский учет ранее.

Все граждане, подлежащие первоначальной постановке на воинский учет в призывном участке, обязаны прибыть на призывной пункт по адресу: с. Агвали, Военный комиссариат в точно назначенные дни и часы, имея с собой документы, указанные в персональных повестках. Граждане, не получившие персональные повестки, обязаны прибыть по указанному адресу в течении дня до 31 марта 2017г., имея с собой документы, удостоверяющие личность.

На основании пункта 2 статьи 9 Закона Российской Федерации «О воинской обязанности и военной службе» руководители предприятий, учреждений, организаций, учебных заведений обязаны освободить граждан, подлежащих первоначальной постановке на воинский учет на время, необходимое для прохождения комиссии при первоначальной постановке на воинский учет и обеспечить их своевременную явку на призывной пункт Цумадинского района.

**Х. Хабибов,** военный комиссар района

**Социальная служба**

## О СОЦИАЛЬНЫХ ВЫПЛАТАХ

Управление социальной защиты населения в муниципальном образовании «Цумадинский район» сообщает, что в связи с задержкой финансирования из республиканского бюджета имеется задолженность за 2016 год по следующим видам социальных выплат:

Ежемесячное пособие на ребенка - с октября 2016 года;
ЕДВ ветеранам труда - с июня 2016 года;
ЕДВ труженикам тыла - с августа 2016 года;
ЕДВ реабилитированным лицам - с июля 2016 года;
ЕДВ по ЖКУ ветеранам труда - с марта 2016 года;
ЕДВ по ЖКУ многодетным семьям - с марта 2016 года;
ЕДВ по ЖКУ участникам боевых действий - с июня 2016 года;
ЕДВ по ЖКУ реабилитированным - с июля 2016 года;
ЕДВ по ЖКУ работникам сельской местности - с января 2016 года.

В связи с этим управление социальной защиты населения доводит до населения, что погашение задолженности будет осуществляться незамедлительно по мере поступления средств из республиканского бюджета.

Указанные виды социальных выплат не отменены, с 2017 года изменился порядок выплаты некоторых видов социальных выплат.

Информация об этом ранее была напечатана в районной газете «Голос Цумады».

**И. Магомедов,** начальник УСЗН

**Налоговая служба**

## К сведению налогоплательщика

Межрайонная инспекция Федеральной Налоговой службы №12 по Республике Дагестан сообщает, что с 1 января 2017 года функции по администрированию страховых взносов возложены на налоговые органы. В связи с изменением администратора с 1 января 2017 года изменились и коды КБК по уплате страховых взносов.

По всем интересующимся вопросам обращаться в ТОРМ по Цумадинскому району, село Агвали тел. 8(273) 2-52-08.

**Спорт**

## Эркенаб гугари

18 январалда Хьаргаби росулъ тIобитIана 2000-2001 соналъ гьарурал гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ зоналияб первенство. Первенствоялда гIахьаллъана кинабниги анцIилаункъо команда. Гьенир гIахьаллъарал нилъер районалъул гIолилал гугарухъабазе щвана батIи-батIияб даражабазул микьго медаль.

Гьениб 46 кг. цIайиялда МухIамад Тажудиновас, 50кг. цIайиялда МухIамад ГIабдулмуслимовас, 54 кг. цIайиялда МухIамад ГIабдулмуслимовас ва 120 кг. цIайиялда Мурад ШейхахIмадовас ккуна тIоцересел бакIал.

КIиабилел бакIал щвана 46 кг. цIайиялда ГIабдулвагьабов Камилие, 54 кг.цIайиялда ГIабдулвагьабов Шамилие ва ТIалхIатов Камилие 63 кг. цIайиялда.

85 кг. цIайиялда лъабабилеб бакI щвана МухIамад Малачевасе.

Гьединабго зоналияб первенство т1обит1ана Избербаш шагьаралдаги.

Гьенив, нилъер районалъул спортшколаялда куцарав, гьанже Гъизилюрт шагьаралда Базаргановасул ц1аралда бугеб школалда ругьунлъабазда хьвадулев Гьигьихь росулъа ГIалиев Шамилица 76 кг. цIайиялда ккуна тIоцебесеб бакI.

Баркула нилъер гугарухъабазда щварал бергьенлъаби, гьарула гьезие талихIгун икъбал февралалъул байбихьуда Каспийск шагьаралда тIобитIизесеб республикаялъул первенствоялда.

**Шамил Сажидов**

**Глава**
**муниципального района «Цумадинский район»**

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

В соответствии с Федеральным законом от 6 октября 2006 года №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации, Закона РД №167 «О порядке формирования представительных органов муниципальных районов Республики Дагестан и избрания глав муниципальных образований от 16.09.2014 года и Устава МО «Цумадинский район»

**постановляю:**

1. Назначить членами конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село Хушет» согласно приложению к настоящему решению.
2. Настоящее постановление опубликовать в районной газете «Голос Цумады».

**Глава муниципального района А. М. Вечедов**

**с.Агвали, 17 январь 2017 г., №4**

**Приложение**
**к постановлению Главы**
**МР «Цумадинский район»**
**от 17.01.2017 г. №4**

### Список
**членов конкурсных комиссий по отбору кандидатур на должности глав сельских поселений МР «Цумадинский район»**

| № п/п | Наименование сельского поселения | Ф.И.О. членов конкурсных комиссий, назначенных Главой МР | Ф.И.О. членов конкурсной комиссии, назначенных решением Собраний депутатов СП |
|---|---|---|---|
| 1 | СП «село Хушет» | 1. Ибрагимов Тимур Ахмедович;<br><br>2.Магомедов Абдусалам Адамович | 1.Закарьяев Магди Курбанович;<br><br>2.Гаджимурадов Гаджимурад Хасбулаевич |

**Показатели к бюджету на 2017 год и плановый период 2018-2019 г.г. администрация сельского поселения «сельсовет Гигатлинский»**

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2017 | 2018 | 2019 |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | Собственные доходы: | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 38,7 | 38,7 | 38,7 |
| 2 | Налог на имущества | 44,7 | 44,7 | 44,7 |
| 3 | Земельный налог | 64,6 | 64,6 | 64,6 |
| 4 | Сельхоз налог | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| | Итого собственные доходы | 153,0 | 153,0 | 153,0 |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2270,0 | 1984,0 | 1884,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 7,5 | 7,5 | 7,5 |
| 3 | Субвен. ВУС | 65,0 | 65,0 | 65,0 |
| | **Итого** | 2342,5 | 2056,5 | 1956,5 |
| | **Всего доходов** | 2495,5 | 2209,5 | 2109,5 |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | Аппарат | 1555,0 | 1157,0 | 1107,0 |
| | в т.ч. зарплата | 680,0 | 680,0 | 680,0 |
| 2 | Резервный фонд | 50,0 | 50,0 | 50,0 |
| 3 | ЗАГС | 7,5 | 7,5 | 7,5 |
| 4 | ВУС | 65,0 | 65,0 | 65,0 |
| | в т.ч. зарплата | 46,0 | 46,0 | 46,0 |
| 5 | ЖКХ | 448,0 | 560,0 | 510,0 |
| 6 | Молодёжная политика | 20,0 | 20,0 | 20,0 |
| 7 | Культура | 300,0 | 300,0 | 300,0 |
| | в т.ч. зарплата | 230,0 | 230,0 | 230,0 |
| 8 | ФК и спорт | 50,0 | 50,0 | 50,0 |
| | **Всего расходов** | 2495,5 | 2209,5 | 2109,5 |
| | в т.ч. зарплата | 956,0 | 956,0 | 956,0 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «сельсовет Гигатлинский» Р.Газимагомедов**

**Показатели к бюджету на 2017 год и плановый период 2018-2019 г.г. администрация сельского поселения «сельсовет Шавинский»**

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2017 | 2018 | 2019 |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | Собственные доходы: | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 46,5 | 46,5 | 46,5 |
| 2 | Налог на имущества | 44,7 | 44,7 | 44,7 |
| 3 | Земельный налог | | | |
| 4 | Сельхоз налог | 10,0 | 10,0 | 10,0 |
| | Итого собственные доходы | 101,2 | 101,2 | 101,2 |
| | Трансферты | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2950,0 | 2578,0 | 2449,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 9,8 | 9,8 | 9,8 |
| 3 | Субвен. ВУС | 65,0 | 65,0 | 65,0 |
| | Итого | 3024,8 | 2652,8 | 2523,8 |
| | Всего доходов | 3126,0 | 2754,0 | 2625,0 |
| | Расходы: | | | |
| 1 | Аппарат | 1585,2 | 1145,2 | 1135,2 |
| | в т.ч. зарплата | 640,0 | 640,0 | 640,0 |
| 2 | ЗАГС | 9,8 | 9,8 | 9,8 |
| 3 | ВУС | 65,0 | 65,0 | 65,0 |
| | в т.ч. зарплата | 46,0 | 46,0 | 46,0 |
| 4 | ЖКХ | 793,0 | 870,0 | 751,0 |
| 5 | Молодёжная политика | 25,0 | 25,0 | 25,0 |
| 6 | Культура | 598,0 | 589,0 | 589,0 |
| | в т.ч. зарплата | 413,0 | 406,0 | 406,0 |
| 7 | ФК и спорт | 50,0 | 50,0 | 50,0 |
| | Всего расходов | 3126,0 | 2754,0 | 2625,0 |
| | в т.ч. зарплата | 1099,0 | 1092,0 | 1092,0 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «сельсовет Шавинский» Г. Гаджимагомедов**

**Показатели к бюджету на 2017 год и плановый период 2018-2019 г.г. администрация сельского поселения «сельсовет Кванадинский»**

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2017 | 2018 | 2019 |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | Собственные доходы: | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 25,2 | 25,2 | 25,2 |
| 2 | Налог на имущества | 33,5 | 33,5 | 33,5 |
| 3 | Земельный налог | 53,8 | 53,8 | 53,8 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 1,7 | 1,7 | 1,7 |
| | Итого собственные доходы | 116,2 | 116,2 | 116,2 |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2268,0 | 1982,0 | 1883,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 7,2 | 7,2 | 7,2 |
| 3 | Субвенция ВУС | 65,0 | 65,0 | 65,0 |
| | Итого | 2340,2 | 2054,2 | 1955,2 |
| | Всего доходов | 2456,4 | 2170,4 | 2071,4 |
| | Расходы: | | | |
| 1 | Аппарат | 1427,2 | 1319,2 | 1220,2 |
| | в т.ч. зарплата | 680,0 | 680,0 | 680,0 |
| 2 | ЗАГС | 7,2 | 7,2 | 7,2 |
| 3 | ВУС | 65,0 | 65,0 | 65,0 |
| | в т.ч. зарплата | 46,0 | 46,0 | 46,0 |
| 4 | ЖКХ | 476,0 | 298,0 | 298,0 |
| 5 | Молодёжная политика | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| 6 | Культура | 446,0 | 446,0 | 446,0 |
| | в т.ч. зарплата | 326,0 | 326,0 | 326,0 |
| 7 | ФК и спорт | 30,0 | 30,0 | 30,0 |
| | Всего расходов | 2456,4 | 2170,4 | 2071,4 |
| | в т.ч. зарплата | 1052,0 | 1052,0 | 1052,0 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «сельсовет Кванадинский» Х. Хизриев**

Районалъул культураялъул управлениялъул ва райбиблиотекаялъул хIалтIухъабаз зигара балеб буго РичIагьанихъ росдал КДЦ-ялъул нухмалъулев

**Билалов Халилбег**

хвеялда бан гьесул хъизанлъималазда ва гIага-божаразда. Хварав иманалда тIовитIун ватаги, гьесие ахират лъикIаб кьеги.

Райбольницаялъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго Къурбандибир Билаловасда гьесул хирияв вац

**Халилбег**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Хварав иманалда тIовитIун ватаги.